


Èske Gad Fenèt ou yo Enstale Kòrèkteman?

Nan bilding ki gen twa (3) oswa plis apatman yo, pwopriyetè bilding yo dwe enstale gad fenèt Depatman Sante Vil New York apwouve yo si yon timoun ki gen 10 zan oswa mwens ap viv nan apatman an, oswa si yon lokatè oswa moun ki abite nan kay la mande pou gad fenèt pou nenpòt ki rezon. Tout kalite fenèt, sa gen ladan fenèt ki glise ak twil, dwe gen gad fenèt oswa dispozitif pou kenbe yo. Twil fenèt yo **pa** ranplase gad fenèt.

Gad fenèt oswa dispozitif pou kenbe yo dwe:

- Enstale nan tout fenèt nan apatman an, sof pou fenèt ki mennen nan soti sekou yo oswa yo itilize pou ijans yo, oswa nan fenèt kote gen klimatizè enstale yon fason pèmanan ak san danje.
- Tache byen solid epi enstale yon fason pèmanan.
- Anpeche fenèt yo louvri plis pase 4 1/2 pous nan nenpòt direksyon. Pa dwe janm gen plis pase 4 1/2 pous espas ki pa pwoteje ki louvri. Sèvi ak yon zouti pou mezire pou w ka verifye.
- Kapab pran 150 liv pwa.
- Gen yon nimewo apwobasyon Depatman Sante Vil New York



Antanke lokatè, ou dwe:

- Ranpli "*Avi Anyèl*" (*Annual Notice*) la chak ane pou di pwopriyetè kay ou alekri si yon timoun ki gen 10 zan oswa mwens abite nan apatman ou an oswa si, pou nenpòt ki rezon, ou vle yo enstale gad fenèt nan apatman ou a oswa nan espas komen bilding lan.
- Bay aksè lakay ou epi kite yo enstale gad fenèt yo kote ki nesesè. Lokatè yo pa dwe retire oswa modifye gad fenèt yo apre yo fin enstale yo. Ou pa ka refize yo enstale gad fenèt si ou gen yon timoun 10 zan oswa mwens k ap viv lakay ou.

Si ou pa gen gad fenèt oswa pa te pa enstale yo kòrèkteman, rele **311**.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan nyc.gov/health epi chèche "**window guards**" (gad fenèt) oswa voye yon imèl bay windowfallprevention@health.nyc.gov.